

PWOGRAM SIKSÈ PARAN NYC Rediksyon Dèt Atravè Tretman Dwòg

Foto se yon modèl (yo) itilize pou rezon ilistrasyon sèlman.

Si w ap patisipe nan yon pwogram tretman dwòg oswa ou fèk fè youn, ou ka diminye dèt sipò timoun ou a **pou jiska \$7,500**.

Èske de (2) pwen sa yo aplikab pou ou?

1

Ou dwe dèt sipò timoun nan Department of Social Services (DSS) Vil Nouyòk.

2

Ou te fin fè yon pwogram tretman dwòg pou pasyan ekstèn oswa rezidansyèl nan dat 1ye desanm 2024 oswa apre sa Biwo Sèvis Alkòl ak Abi Sibstans Eta New York (OASAS) sètifye.

Si de (2) pwen sa yo aplikab pou ou, lè sa a, Office of Child Support Services (OCSS) Vil Nouyòk la gendwa kapab diminye dèt sipò timoun ou dwe NYC DSS a **yon fason pèmanan pou jiska \$7,500**.

Èske ou genyen kesyon?

Tanpri gade Kesyon yo poze souvan (FAQs) pou jwenn plis enfòmasyon sou ki pwogram tretman dwòg ki kalifye: <https://nyc.gov/ocss-debt-reduction>.

Mande pwogram tretman dwòg ou a konsènan “Pwogram Siksè Paran” OCSS oswa kontakte OCSS atravè imel, an pèsòn oswa nan kourye lapòs. Gade <https://on.nyc.gov/contactocss>.